

Deklarasyon

Dwa ak Responsablite Pasyan

Antake yon etablisman swen sante annnan Penn Medicine ak Sistèm Sante Inivèsite Pennsylvania (University of Pennsylvania Health System, UPHS)¹, nou angaje nou pou nou ba ou bonjan kalite swen medikal, ou menm ki se pasyan nou, e pou fè tan w'ap rete avèk nou an agreyab.

"Deklarasyon Dwa Pasyan" sila a, ke administrasyon ak anplwaye etablisman sa a rekonèt li, li aplike pou tout pasyan yo. Si w' pa ka egzèse dwa sa yo poukout ou, dwa sa yo ap aplikab tou pou representant legal otorize ke ou deziye. Kòm se objektif nou pou nou bay swen medikal ki efikas ak atansyon nan kapasite nou, misyon, ak filozofi, lwa ak règleman ki aplikab, nou soumet sa yo ba ou kòm yon deklarasyon de politik nou.

DEKLARASYON DWA PASYAN YO

Ou menm, oswa lè sa apwopriye representant deziye ou/ representant legal otorize ou, gen dwa pou yo enfòme sou dwa ou yo benè dèke posib pandan dewoulman ospitalizasyon ou.

Ou gen dwa pou jwenn swen nan men pèsònèl konpetan ke yo bay avèk respè ki reflete konsidérasyon valè kiltirèl ak pèsònèl ou ak sistèm kwayans ou yo epi asire bon jan konfò ak diyite ou.

Ou gen dwa pou yon manm fanmi w' oswa yon representant ou chwazi, ak pwòp dokte ou konnen san pèdi tan lè ou rantre lopital la.

Ou gen dwa, lè ou mande sa, pou yo ba ou non dokte w' la, non tout lòt dokte ki responsab trètm'an ou oswa moun ki patisipe dirèkteman nan swen ou, ak non epi wòl lòt pèsònèl swen sante, ki gen kontak dirèk avèk ou.

Ou gen dwa pou yo respekte konfidansyalite pwogram swen sante ou la. Diskiyon ka, konsilitasyon, egzamen, ak trètm'an yo dwe considere kòm konfidansyèl epi yo dwe fêt diskritem, epi bay pravasite vizièl ak oditif rezonab lè sa posib. Sa gen ladan dwa, si ou mande sa, pou gen yon moun ki la pandan egzamen fizik, trètm'an, oswa lè pwosedi yo ap fêt, depi yo pa entèprete ak pwosedi dyagnostik oswa trètm'an yo. Sa gen ladan tou dwa pou mande yo transfè chamm si yon lòt pasyan osya yon vizitè nan sal la deranje ou san rezon epi si yon lòt chann apwopriye menm jan an pou bezwen swen ou yo disponib.

Ou gen dwa pou jwenn tout enfòmasyon, sa gen ladan dosye ki gen rapò ak swen medikal ou te resevwa rete konfidansyèl eksepte jan lalwa oswa aranjman kontra ak twazyèm pati yo prevwa sa.

Ou gen dwa pou ou konnen ki enstriksyon, lwa ak règleman ki aplike pou konduit ou antanke pasyan.

Ou gen dwa pou ou atann pou pwosedi ijans yo aplike san pèdi tan depi sa nesesé.

Ou gen dwa pou ou jwenn bon kalite swen nan yon nivo pwofesyonèl ki wo kote yo toujou ap egzamine epi revize yo.

Ou gen dwa pou ou jwenn enfòmasyon konplè byen senp, konsénan dyagnostik, trètm'an, ak pwonostik, ki gen ladan enfòmasyon sou lòt chwa trètm'an ak konplikasyon ki ka genyen. Byenke li pa rekòmande nan domèn medikal pou yo ba ou enfòmasyon sa yo, yo dwe pataje enfòmasyon yo nan non ou bay representant legal otorize/moun ou chwazi a. Eksepte pou ijans, dokte à dwe jwenn konsantman reflechi ki nesesè a jan lalwa aplikab la defini anvan yo kòmanse nenpòt pwosedi oswa trètm'an, oswa toude.

Ou gen dwa pou ou pa patisipe nan okenn pwogram rechèch eksperimental, pwogram donatè, oswa aktivite pou edikasyon sof si ou memm oswa representant deziye ou/representant legal otorize te bay konsantman reflechi anvan patisipasyon aktiyel ou nan yon pwogram konsa. Si ou menm oswa representant deziye ou/representant legal otorize pa ka bay konsantman, yon moun responsab gen dwa pou yo enfòme l' le yon pratisyen ap konsidere pasyan an pou yon pwogram rechèch medikal oswa yon pwogram donatè, epi ou menm oswa yon moun responsab dwe bay konsantman reflechi anvan patisipasyon aktiyel ou nan yon pwogram lan. Ou menm oswa yon moun responsab ka derefize kontinye nan yon pwogram ou te bay konsantman reflechi pou li.

Ou gen dwa pou ou aksèpte swen medikal oswa pou derefize nenpòt medikaman, trètm'an, oswa pwosedi enstisyon an ofri, nan limit lalwa pèmèt sa, epi yon dokte dwe fè w' konnen konsekans medikal si ou pa aksèpte yo.

Ou gen dwa pou gen asistans nan jwenn konsilitasyon ak yon lòt dokte si w' mande epi peye pou sa.

Ou gen dwa pou w' atann a bon jan jesyon teknik yo aplike nan etablisman swen sante sa a lè ou konsidere itilizasyon efikas tan w' epi pou evite malèz pèsònèl ou.

Ou gen dwa pou w' egzamine epi resevwa yon eksplikasyon detaye sou fakti ou.

Ou gen dwa pou jwenn tout enfòmasyon ak konsèy sou resous finansye yo konnen ki disponib pou swen sante ou.

Ou gen dwa pou w' atann pou etablisman swen sante a ofri yon metòd kote yo enfòme ou sou egzeyat, sou egzijans pou

kontinye jwenn swen sante apre egzeyat, ak mwayen pou jwenn yo.

Ou gen dwa pou ou mande yon revizyon sou kalite swen yo, desizyon pwoteksyon asirans, ak kesyon sou egzeyat ou.

Yo pa ka refize ou aksè a yon moun oswa yon ajans ki otorize pou aji sou non ou pou revandike oswa pwoteje dwa ki tabli nan sekson sa a.

Ou gen dwa pou ou gen sèvis medikal ak swen enfimye san diskriminasyon ki baze sou laj, sèks, ras, koulè, etnisite, relijon, sèks, andikap, zansèt, oriijn nasional, eta sivil, sitiyasyon familial, enfòmasyon jenétik, idantite oswa ekspresyon jan, oryantasyon seksyèl, kilti, lang, sitiyasyon sosyoekonomik, sitiyasyon viktim vyolans domestik oswa seksyèl, sous revni, oswa sous pèman.

Ou gen dwa pou ou gen bonjan evalyasyon ak jesyon doulè.

Ou gen dwa, an kolaborasyon avèk dokte oswa founisè swen sante ou, pou pran desizyon ki konsénan swen sante ou. Dwa sa a aplike pou representant legal otorize, paran, ak/osa gadyen tibebe ki fenk fêt, timoun, ak adolesan. Desizyon yo ka gen ladan yo dwa pou refize medikaman, trètm'an, oswa pwosedi lopital la ofri, nan limit lalwa pèmèt sa.

Alòske etablisman swen sante sa a rekonèt dwa ou pou patisipe nan swen ak trètm'an w' nan tout limit posib, gen sikontans kote ou gen dwa pa kapab fè sa. Nan sitiyasyon sa yo, (pa egzanp, si selon lalwa ou enkonpetan, si dokte ou twoove pou pa amnezi pou konprann trètm'an oswa pwosedi yo pwopoze a, ou pa kapab komuniké volonte ou konsénan trètm'an, oswa se yon minè ki pa emansipe) dwa ou yo dwe egzèse nan limit lalwa pèmèt, pa representant ou deziye oswa lòt moun legalman otorize.

Ou gen dwa pou ou pran desizyon konsénan rete nan sèvis reanimasyon, kontinye oswa soti nan trètm'an pou rete vivan nan limit lalwa ak règleman enstisyon sa a.

Ou gen dwa pou ou pwosedi swen nan yon anviwònnan ki an sekirite ki san abi, arasman, neglijans, eksplwatasyon ni abi vèbal, mantal, fizik ak seksyèl.

Ou gen dwa pou ou pa gen kontrent ak izòlman ki pa nesesè sou plan medikal oswa ke anplwaye yo itilize kòm yon mwayen pou egzèse fòs, disciplin, fasilité oswa vanjans.

Ou gen dwa pou se sèl moun ki patisipe dirèkteman nan swen ou, moun ki kontwole kalite swen, oswa moun ki otorize pa lalwa oswa règleman yo ki pou li dosye medikal ou.

Ou gen dwa pou resevwa yon avi ekri ki eksplike kijan yo pral itilize ak pataje enfòmasyon pèsònèl sou sante ou avèk lòt pwofesyonèl swen sante andedan antite Penn Medicine ak deyò Penn Medicine. Ou menm oswa representant deziye ou/ representant legal otorize, kapab, sou demann, gen aksè a enfòmasyon ki nan dosye medikal ou, sof si pratisyen an mete restriksyon presizeman pou aksè a daprè otorizasyon lalwa.

Ou gen dwa pou yo komuniké avèk ou nan yon fason ki klè, presi e ki fasil pou konprann. Si ou pa pale anglè, ou dwe gen aksè, kote li posib, gratis, a yon entèprèt. Sa a gen ladan tou ba èd si ou gen pwoblèm viziyon, lapawòl, tande oswa andikap mantal.

Ou gen dwa pou patisipe nan konsiderasyon sou pwoblèm etik ki antoure swen ou, nan kad òganizasyon sa a etabli pou konsidere pwoblèm sa yo.

Ou gen dwa, san rekriminasyon, fe plent oswa doleyans konsénan swen ou, pou fe egzamine plent oswa doleyans sa yo, epi, lè sa posib, pou rezoud yo.

Ou gen dwa pou fòmile yon direktiv davans, ki gen ladan dwa pou nonmen yon ajan swen sante pou pran desizyon sou swen sante nan non ou. Etablisman sa a ak pwofesyonèl swen sante li yo, nan limit lalwa a ak misyon òganizasyon sa a, valè ak filozofi ap respekte desizyon sa yo. Si sa aplikab, ou responsab pou bay yon kopie direktiv davans pou bay etablisman an oswa moun kap bay swen an. Ou pa oblige genyen oswa ranpli yon "direktiv davans" pou ou ka resevwa swen ak trètm'an nan etablisman sa a. Lè etablisman sa a pa ka satisfè demann ou oswa bezwen swen ou paske gen konfli avèk misyon oswa filozofi nou, oswa nou pa kapab reponn a bezwen oswa demann ou, yo ka transfere ou nan yon lòt etablisman depi sa posib sou plan medikal. Yon transfè konsa ta dwe fêt sèlman apre ou menm oswa representant legal otorize/moun ou chwazi a resevwa enfòmasyon konplè ak esplikasyon konsénan bezwen ou, ak lòt chwa nan plas transfè sa a. Transfè a dwe akseptab pou lòt enstisyon an.

Ou gen dwa pou ou deside si ou vle vizitè ou non pandan sejou ou isit la. Ou ka chwazi ki moun ki ka vizite ou pandan sejou ou la. Moun sa yo pa bezwen gen rapò legal avèk ou. Yo ka gen ladan, pa egzanp, yon mari oswa madam, patnè nan kay, ki gen ladan yon patnè menm sek's, yon lòt moun fanmi, oswa yon zanmi. Lopital la pa pral mete restriksyon, limit osa refize nenpòt vizitè sou baz ras, koulè, oriijn nasional, relijon, sèks, idantite oswa espresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl oswa andikap. Lopital la ka bezwen

limite oswa mete restriksyon sou vizitè pou pi bon swen pou ou menm oswa lòt pasyan yo. Ou gen dwa pou yo fè ou knownen nenpòt restriksyon oswa limit klinik konsa. Ou gen dwa pou o chwazi yon manm fanmi, zanmi, oswa lòt moun kòm yon moun k'ap ba ou sipò pandan tan w'ap pase a oswa pandan vizit kay dokte oswa lòt trètm'an swen anbilatwa.

Ou gen dwa pou bay oswa derefize konsantman pou kreye oswa pou itilize anregistrement, fim oswa lòt imaj ou pou lòt rezone pwoòp swen ou, trètm'an oswa idantifikasyon ou antant ke pasyan.

POU PLIS ENFÒMASYON

Si ou gen kesyon oswa pwoblèm konsénan swen sante ou, tanpri pale avèk dokte ou, enfimyè, lòt lopital oswa representant pratik anbilatwa a anvan ou kite sit klinik la. Si ou gen kesyon konsénan Deklarasyon Dwa ak Responsabilite Pasyan an oswa yon plent oswa yon doleyans pasyan, kontakte sa ki annapre la yo:

Chester County Hospital

701 East Marshall Street
West Chester, PA 19380
(610) 431-5254
(610) 431-5257

Good Shepherd Penn Partners

1800 Lombard Street
Philadelphia, PA 19146
(215) 893-6533

Hospital of the University of Pennsylvania

1 Silverstein, 3400 Spruce Street
Philadelphia, PA 19104
(215) 662-2575

Penn Medicine Rehabilitation*

Inite Readaptasyon Pasyan Entènè
Penn Medicine Rittenhouse- 3yèm ak 4yèm etaj
1800 Lombard Street
Philadelphia, PA 19146
(215) 893-6533

*Yon etablisman Lopital Inivèsite Pennsilvani

Lancaster General Hospital

555 North Duke Street, P.O. Box 3555
Lancaster, PA 17604-3555
(717) 544-5050

Penn Presbyterian Medical Center

185 Wright Saunders, 39th & Market Streets
Philadelphia, PA 19104
(215) 662-9100

Lopital Pennsylvania

1 Preston, 800 Spruce Street
Philadelphia, PA 19107
(215) 829-8777

Ou ka voye kesyon oswa enkyetid konsénan Lwa sou Transferabilité ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA)/ afe an rapò ak konfidansyalite bay Konfidansyalite (Privacy Office) UPHS Biwo:

Kourye Elektwonik: privacy@uphs.upenn.edu Telefòn: (215) 573-4492.

Pou Biwo Konfidansyalite Bon Shepherd Penn Partners:

Kourye Elektwonik: privacy@gsrh.org Telefòn: (484) 866-7949.

Si ou gen kesyon oswa enkyetid konsénan posib yolasyon politik oswa

egzijans legal yo, ou ka kontakte (215) P-COMPLY ki se Liy pou Rapò Konfidansyalite ak Èd. Liy pou Rapò Konfidansyalite ak Èd la (215) P-COMPLY

disponib pou ou lè ou rele (215) P-COMPLY oswa lè ou konekte nan www.upenn.edu/215pcomply.

Ou ka dirije kesyon oswa enkyetid konsénan aksè ak aranjman

ba Responsab Aksè pou Andikap nan Sistèm Sante Inivèsite Pennsilvani an nan (215) 615-4317.

Si ou menm oswa yon manm fanmi ou panse gen yon plent oswa doleyans

ki pa rezoud nan pwosesis rezolisyon lopital la, oswa kit ou te itilize

pwosesis doleyans lopital la, ou gen dwa pou kontakte òganizasyon annapre la yo pou enkyetid ou yo san enkyetid pou vanjans.

Divizyon Swen Egi ak Anbilatwa nan Depatman Sante Pennsilvani (Pennsylvania Department of Health Division of Acute and Ambulatory Care)

Room 532 Health & Welfare Building 625 Forster Street

Harrisburg, PA 17120-0701

(800) 254-5164

Sit entènèt:

<http://apps.health.pa.gov/doforms/FacilityComplaint.aspx>

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS)

Kalite ak Apèl (866) 815-5440

Ou ka ranpli yon Fòm Plent konsénan Kalite Medicare

ki twoove i nan:

www.bfccaoarea1.com/states/pa.html

Pou enkyetid ki gen rapò ak kalite ak/osa sekirite pwoblèm swen (ki gen ladan

egzeyat twò bonè) oswa sekirite anviwònnan an, ou ka kontakte tou:

Komisyón Miks (The Joint Commission)

Anpasan pa sit entènèt: <https://www.jointcommission.org/contact-us/> (likè sou Patient Safety Complaint [Plent Sekirite Pasyan])

Pa Lapòs:

The Office of Quality and Patient Safety (OQPS) The Joint